


**Ale Fè Tès Depistaj:
Detekte Kansè nan
Poumon Pi Bonè
sa Posib**



**SI FIMEN
FÈ PATI
PASE OSWA
PREZAN OU**

**MANDE SI
TÈS DEPISTAJ
KANSÈ
POUMON DWE
FÈ PATI AVNI OU.**

Kansè poumon se youn nan pi gwo kòz lanmò nan kansè. Anviwon 2,400 moun mouri nan kansè poumon chak ane nan ane nan NYC.

Detekte kansè nan poumon pi bonè sa posib.

Li difisil pou detekte kansè nan poumon bonè san ou pa fè yon tès depistaj. Anjeneral se paske sentòm yo pa manifeste jiskaske kansè a pa rive nan yon etap ki avanse, lè li pi difisil pou yo trete li. Yo ka detekte kansè nan poumon ak yon tès depistaj anvan menm ou gen sentòm yo. Lè yo detekte kansè nan poumon bonè sa ka sove lavi ou.

Depistaj se kle pou detekte kansè nan poumon byen bonè.

Gwoup Travay Ameriken konsènan Sèvis Prevansyon yo rele Tomografi a dòz fèb (low-dose computed tomography, LDCT) rekòmande tès depistaj kansè nan poumon an. Yo rekòmande yon tès LDCT chak ane pou moun ki:

- Genyen ant 50 ak 80 lane
- Gen omwen yon 20 "pake anyèl" antesedan nan fimen (gade "Ki sa pake anyèl lan ye?")
- Fimen oswa te kite fimen pandan dènye 15 ane ki sot pase yo la

LDCT se yon nouvo tès depistaj, kidonk ou te ka pa konn tande pale konsènan li anvan sa. Poze pwofesyonèl swen sante ou an kesyon sou risk kansè nan poumon epi si ou ta dwe fè yon tès depistaj.

Pale ak pwofesyonèl swen sante ou an sou avantaj ak risk ki genyen nan fè tès depistaj pou kansè poumon.

Avantaj tès depistaj lan yo kapab detekte kansè nan poumon byen bonè, ki ka sove lavi ou! Risk ki genyen nan fè tès depistaj tankou:

- Kontak ak yon kantite radyasyon ki fèb (yon ti kras plis pase yon mamogram)
- Jwenn yon fo pozitif (rezilta ki demontre ou ka gen kansè nan poumon lè aktyèlman ou pa genyen li)
- Detekte kansè ki p ap fè ou mal oswa ki ka ale pou kont yo, men ki ka mennen nan yon tretman oswa nan yon tès ki pa nesesè

Lè ou ap panse fè tès depistaj, poze pwofesyonèl swen sante ou an kesyon epi pale sou risk kansè nan poumon ou avèk li. Tès Depistaj lan pran mwens pase yon (1) minit. Apresa, pwofesyonèl swen sante ou an ta dwe kontakte ou pou ba ou rezilta yo. Asire ou ou konprann rezilta ou yo epi ou konnen kisa pou ou fè apresya. Ou pa dwe pè poze kesyon si ou pa konprann yon bagay.

Ki sa ki pake anyèl lan?

Pake anyèl lan mezire ki kantite yon moun te fimen nan yon peryòd tan ki long.

Ou ka konnen pake anyèl ou yo lè ou miltipliye kantite pake sigarèt ou te fimen nan yon jou pa kantite ane ou ap fimen. Egzanp, si ou fimen yon pake nan yon jou pandan 20 ane, pake anyèl ou ta dwe 20. Ou ka mande pwofesyonèl swen sante ou an tou pou ede ou konnen pake anyèl ou yo.

Èske LDCT an pi bon nan detekte kansè nan poumon lè li bonè olye radyografi nan pwatrin?

Wi. Etid yo demontre tès depistaj ak LDCT ka diminye risk pou moun mouri nan kansè nan poumon, pandan tès depistaj radyografi nan pwatrin pa montre sa.

Ki lòt risk pou gen kansè nan poumon ki genyen?

Konnen faktè risk ou genyen yo epi abòde yo kote ou kapab:

- Ekspozisyon ak lafimen sigarèt lòt moun
- Radon, yon gaz yo jwenn nan kèk kay ak bilding
- Asenik, amyant, kwom, pwodwi echapman motè diesel epi silis
- Radyoterapi nan pwatrin ou
- Antesedan pèsònèl oswa familyal kansè nan poumon

Kijan mwen ka diminye risk pou mwen gen kansè nan poumon?

Pa fimen se pi bon mwayen pou anpeche gen kansè nan poumon. Si ou konn fimen, fè yon plan pou ou ka sispann fè sa.

- Pale ak pwofesyonèl swen sante ou an sou opsyon medikaman ak konsèy. Pifò plan asirans sante, tankou Medicaid, kouvri sèvis pou ede ou kite fimen.
- Ale sou **nysmokefree.com** oswa rele 866-697-8487 pou aplike pou yon kit gratis medikaman nikotin pou kòmanse oswa pale ak yon antrenè pou ka ede ou kite fimen.
- Ale sou **asiansmokersquitline.org**, oswa rele 800-838-8917 (si ou pale kantonè oswa mandaren), 800-556-5564 (si ou pale koreyen) oswa 800-778-8440 (si ou pale vyetnamyen) pou aplike pou plak nikotin yo oswa pale ak yon konseye ki gen fòmasyon.
- ale sou **nyc.gov/health** epi fè rechèch pou **"NYC Quits" (NYC Kite)** pou jwenn resous ki pou ede ou kite fimen.
- ale sou **nyc.gov/health/map** pou jwenn pwogram k ap ede ou kite fimen.

Èske asirans sante mwen ap kouvri tès depistaj kansè nan poumon mwen an chak ane a?

Nan Eta New York, Medicaid, Medicare ak pifò lòt plan asirans sante ap kapab kouvri tès depistaj kansè nan poumon ou fè chak ane si ou kalifye pou youn. Kalifikasyon, tankou laj ou ak pake anyèl yo, ka varye selon plan an, kidonk verifye pwoteksyon ou avèk pwofesyonèl asirans sante ou anvan ou fè tès depistaj la. ale sou nyc.gov/getcoverednyc oswa rele **311** pou chèche konnen kijan ou kapab jwenn asirans sante si ou pa genyen li.

Ki kote mwen kapab jwenn fè yon tès depistaj kansè nan poumon?

Plizyè kote nan kote nan NYC fè tès depistaj kansè pou poumon. Mande pwofesyonèl ou an pou li refere ou nan yon kote pou fè tès depistaj. Ou ka rele kote pou jwenn enfòmasyon sou pwoteksyon asirans sante, kondisyon ak kijan pou pran randevou.

Ale sou sitwèb nyc.gov/health epi chèche **"lung cancer" (kansè nan poumon)** pou jwenn plis enfòmasyon.

